



Pa Prezidan Thomas S. Monson

"Mwen pap vire do ba ou, mwen pap janm lage ou"

Pè Selès nou an . . . konnen ke nou aprann, nou pwogrese e nou vin pi fò lè nou afwonte ak simonte pwoblèm nou dwe travèse yo.

Nan jounal mwen aswè a, mwen pral ekri: "Sa a sete youn nan sesyon ki pi enspiran nan tout konferans jeneral mwen konn asiste. Tout bagay yo di yo se bagay ki gen gwo nati ki pi sakre ki egziste.

Frè m ak sè m yo, sa gen sis mwa, pandan nou te reyini ansanm nan yon konferans jeneral, madanm mwen, Frances, te kouche lopital, paske l te sibi yon tonbe trè grav kèk jou anvan sa. Nan mwa Me a, apre l te fin pase dè semèn ap lite ak kouraj pou l te simonte blesi l yo, li te glise al nan letènite. Bagay sa a afekte m anpil. Nou te marye nan tanp Salt Lake la 7 Oktòb 1948. Demen se ta pral 65kyèm anivèsè maryaj nou. Li sete amou lavi mwen, konfidan fidèl mwen ak pi bon zanmi mwen. Di ke m manke l anpil la pap menm kòmanse transmèt pwofondè santiman mwen.

Konferans sa a fè 50 tan depi m te apale nan Kolèj Douz Apot yo pa Prezidan David O. McKay. Pandan tout ane sa yo, m te toujou santi soutyen total chè madanm mwen. M pa ka konte sakrifis li te fè pou m te ka mayifye apèl mwen. M pa t janm tande yon plent nan bouch li lè m te konn souvan oblije al pase dè jou e pafwa dè semèn lwen li menm ak pitit nou yo. Li sete vrèman yon zanj.

Mwen vle eksprime remèsiman mwen, osibyen ke pa fanmi mwen, pou bèl devèsman lanmou nou resevwa depi lanmò Frances la. Dè santèn kat ak lèt te rive soti nan tout mond lan pou eksprime admirasyon pou li ak mesaj kondoleyans pou fanmi nou. Nou te resevwa dè douzèn bèl aranjman flè. Nou rekonesan pou pil kontribisyon yo ofri nan non l yo pou Fon Jeneral Misyone a. Nan non nou tout li kite dèyè yo, mwen eksprime pwofon

rekonesans mwen pou jantiyès nou ak amou sensè nou.

Sa ki te pi rekonfòtan pou mwen pandan peryòd emouvan separasyon sa a, sete temwayaj mwen konsènan levanjil Jezikri a ak sètitud mwen genyen ke chè Frances mwen an toujou vivan. Mwen konnen separasyon nou an tanporè. Nou te sele nan kay Bondye a pa yon moun ki gen otorite pou liye sou tè a ak nan syèl la. Mwen konnen nou pral reyini ankò yon jou e nou pap janm separe ankò. Sa se konesans ki soutni mwen.

Frè m ak sè m yo, nou kapab di ak sètitud ke okenn moun pa janm viv totalman san soufrans ak chagren, ni pa t janm te gen yon peryòd nan istwa limanite ki pa t gen lo toumant li ak kalamite pa li.

Lè lavi a pran yon tou ki kriyèl, nou tante pou n poze kesyon sa a: "Pouki se mwen?" Pafwa, nou menm gen enpresyon ke pa gen okenn limyè nan pwent tinèl la, okenn solèy leve pou chase fènwa lannuit la. Nou santi nou anvayi pa desepsyon rèv ki brize ak dezespwa esperans ki disparèt. Nou menm tou, nou lanse siplikasyon bibliik sa a: "Èske pa gen remèd nan Galad?"¹ Nou santi nou abandone, tris, solitè. Nou tante pou n gade malè nou yo atravè miwa defòm pesimis la. Nou vin enpasyon pou jwenn solisyon pou pwoblèm nou yo, pandan ke nou bliye ke souvan, sa mande vèti selès ki rele pasyans lan.

Difikilte nou rankontre yo reprezante yon tès reyèl sou kapasite nou pou n pèsevere. Nou chak gen pou n reponn yon kesyon fondamantal lè sa a: èske m ap febli, oubyen èske m

ap kontinye jiskalafen? Gen moun ki lage sa lè yo wè yo pa kapab simonte pwoblèm yo. Kontinye vle di pèsèvere jiska lafen lavi a li menm.

Lè n ap medite sou bagay ki kapab tonbe sou nou yo, nou kapab di avèk Jòb ansyen tan an: “Moun né pou yo soufri.”² Jòb sete yon mesye “san repwòch ki t ap mache dwat devan Bondye e evite fè sa ki mal.”³ Jòb te san repwòch nan konduit li, li te pwospere vin plen lajan, men li te oblije afwonte yon eprèw ki te ta ka detwi nenpòt moun. Li te pèdi tout byen li, zanmi l yo te meprize li, li te aflije pa soufrans, ebranle paske li te pèdi fanmi li, e yo t ap pouse l pou l te “Joure Bondye, epi mouri.”⁴ Li te reziste anba tantasyon sa a epi l te deklare, soti nan pwofondè nanm nòb li a:

“Paske mwen konnen gen yon moun nan syèl la k ap kanpe pou mwen, yon moun anwo k ap pran defans mwen.”⁵

“Mwen konnen Redanmtè m nan vivan.”⁶

Jòb te kenbe lafwa. Èske nou menm n ap fè sa tou lè n ap afwonte eprèwe nou yo?

Chak fwa nou gen tandans pou n santi nou kraze anba kou lavi a pote yo, annou sonje ke gen lòt moun ki te pase pa menm bagay la, ki te pèsèvere, epi ki te simonte yo.

Istwa legliz la nan dispansasyon nou an, ki se dispansasyon plenitid tan yo, ranpli avèk eksperyans moun ki te gen difikilte men ki te rete fèm, ki te pran kouraj. Pou ki rezon? Yo te fè levanjil Jezikri a vin tounen sant lavi yo. Se sa ki pral pèmèt nou simonte kèlkeswa sa k parèt devan nou. N ap kontinye gen gwo difikilte, men n ap vin kapab fè fas avèk yo, n ap vin kapab afwonte yo avèk kouraj, e pote laviktwa sou yo.

Nan mitan doulè nou yo, sou zòrye mouye pa dlo nan je nou yo, nou santi nou monte wo pa asirans divin ak pwomès presye sa a: “Mwen pap vire do ba ou, mwen pap janm lage ou.”⁷ Kalite rekonfò sa a pa gen pri.

Pandan m ap vwayaje al toupatou

nan mond lan pou ranpli responsablite apèl mwen yo, mwen vin aprann anpil bagay—enkli lefèt ke tristès ak soufrans se bagay ki inivèsèl. Li pap posib pou mwen pou m ta mezire tout chagren ak doulè m konn temwen pandan m ap vizite moun k ap fè fas ak chagren, ki anba maladi, k ap fè fas ak divòs, k ap lite avèk yon pitit gason oswa yon pitit fi ki kite legliz la, oubyen moun k ap soufri anba konsekans peche. Lis la san fen, paske gen anpil pwoblèm ki ka tonbe sou nou. Li difisil pou m chwazi yon egzanzp, men, lè m ap panse ak eprèw, mwen toujou panse avèk Frè Brems, youn nan enstriktè Lekòldidimanch anfans mwen yo. Li sete yon manm fidèl Legliz la, yon mesye ki te gen bon kè. Li menm ak madanm ni, Sadie, te gen uit pitit, anpil nan yo te gen menm laj ak sa nan fanmi pa m yo.

Lè Frances avèk mwen te fin marye epi nou te chanje pawas, nou te konn rankontre Sè ak Frè Brems ak manm fanmi l yo nan maryaj ak nan antèman, osibyen ke nan reyinyon pawas yo.

An 1968, frè Brems te pèdi madanm ni, Sadie. De nan uit piti li yo te mouri tou nan apre.

Yon jou, sa gen prèske 13 zan, pi gran pitit pitit Frè Brems nan te telefone mwen. Li te eksplike ke granpapa l te atenn laj 105 an. Li te di: “L ap viv nan yon ti mezon retrèt men li reyini avèk fanmi li chak Dimanch, kote li prezante yo yon leson sou levanjil la.” Li te kontinye: “Dimanch pase, Granpapa m te anonse nou “Moun mwen yo, m ap mouri semèn sa a. Èske nou ka rele Tommy Monson pou mwen. L ap konnen kisa pou l fè.”

Mwen t al wè Frè Brems nan demen swa. Mwen pa t wè l lontan. M pa t ka pale avèk li, li pa t tande ankò. Mwen pa t ka ekri yon mesaj pou l te li, paske li pa t wè ankò. Yo te di m ke fanmi li kominike avèk li nan pran dwèt men dwat li epi trase non moun k ap vizite l la nan men goch li. Tout mesaj ki te gen pou li te fèt nan fason sa a. Mwen te suiv

pwosedi a kote m te pran dwèt li epi m te ekri “TOMMY MONSON” non li te toujou rele m nan. Frè Brems te vin eksite anpil, epi li te pran men m, li te mete yo sou tèt li. M te konnen li te vle resevwa yon benediksyon. Chofè a ki te mennen m nan sant lan te mete men l sou tèt Frè Brems avèk mwen epi nou te ba l benediksyon l te vle a. Apresa, dlo te koule nan je li. Li te kenbe men nou ak gratitud. Malgre ke li pa t ka tande benediksyon nou te ba li a, Lespri a te fò, e mwen kwè li te jwenn enspirasyon pou konnen nou te ba li benediksyon l te bezwen an. Bon mesye sa a pa t kapab wè ankò. Li pa t kapab tande ankò. Li te konfine lajounen kou lannuit nan yon ti sal nan yon mezon retrèt. Men, malgre sa, souri sou vizaj li ak mo l te di yo te touche kè mwen. Li te di: “Mèsi, Papa m ki nan syèl la te si bon pou mwen.”

Nan lespas yon semèn, jan Frè Brems te predi a, li te mouri. Li pa t janm rete chita sou sa l te manke; men li te toujou pwofondeman rekonnesan pou pil benediksyon l yo.

Papa nou ki nan Syèl la, ki ba nou sitèlman pou nou rejwi a, konnen tou ke nou aprann e nou pwogrese e nou vin pi solid lè nou afwonte ak simonte eprèw nou dwe travèse yo. Nou konnen ke gen anpil moman k ap rive kote n apral konfwonte gwo doulè, kote n apral kriye, kote nou pral teste rive nan limit rezistans nou. Men, difikilte sa yo pèmèt nou chanje pou n vin pi bon, pou rebati lavi nou nan fason Pè Selès la anseye nou an, epi pou nou vin yon moun diferan de sa nou te ye—pi bon pase jan nou te ye, pi konpreyansif pase nou te ye, pi konpatisan pase jan nou te ye, avèk temwayaj pi solid pase sa nou te gen anvan.

Sa dwe rete objektif nou—pou n pèsèvere ak andire, men tou pou n vin pi esprityèlman rafine nan pwogrese atravè bon tan ak move tan yo. Si pa t gen difikilte pou nou simonte ak pwoblèm pou nou rezoud, nou t ap esansyèlman rete jan nou ye a, ak ti pwogrè oswa san pwogrè pou ale

nan bi nou ki se lavi etènèl la. Powèt la te eksprime menm panse a nan pawòl sa yo:

*Bon pyebwa pa grandi san lite,
Plis van an fò, se plis bwa a vin pi
solid.
Plis syèl la lwen, se plis li vin pi wo.
Plis tanpèt la di, se plis li vin gen
fòs.
Solèy, fred, lapli, ak la nèj,
Pwodui pyebwa ak moun ki
puisan.⁸*

Se sèl Mèt la ki konnen pwofondè eprèv nou, doulè nou, ak soufrans nou. Se li menm sèl ki ofri lapè etènèl nan moman advèsite. Se li menm sèl ki touche nanm tòtire nou an pa pawòl rekonfòtan sa yo:

“Vin jwenn mwen, nou tout ki bouke, nou tout ki anba chay, ma ba nou soulajman.

“Pran jouk mwen sou zepòl nou, epi aprann nan men mwen; paske mwen dou ak enb nan kè; e na viv ak kè poze.

“Paske jouk mwen fasil, epi fado m lejè.”⁹

Keseswa nan bon moman oswa nan moman pi difisil yo, Li la avèk nou. Li pwomèt ke sa pap janm chanje.

Frè m ak sè m yo, se pou angajman nou anvè Pè Selès la pa chanje avèk letan oubyen selon pwoblèm n ap afwonte nan lavi nou. Nou pa dwe kite se lefèt ke n ap travèse difikilte ki fè nou sonje li, e nou pa dwe tann pou yo oblije nou gen imilite anvan pou nou ba li lafwa nou ak konfyans nou.

Se pou nou toujou efòse nou pou n rete pwòch Papa nou ki nan Syèl la. Pou nou fè sa, nou dwe priye li ak koute li chak jou. Nou vrèman

bezwen li chak èdtan, keseswa nan tan solèy oubyen nan tan lapli. Se pou nou toujou sonje pwomès sa a: “Mwen pap vire do ba ou, mwen pap janm lage ou.”¹⁰

Avèk tout fòs nanm mwen, mwen temwaye ke Bondye vivan e li renmen nou, Sèl Pitit Gason Literal li a te viv e l te mouri pou nou, epi levanjil Jezikri a se limyè penetran sa a ki briye atravè tenèb lavi nou yo. Se pou sa toujou rete konsa, mwen priye, nan non sakre Jezikri, amèn.

NÒT

1. Jeremi 8:22.
2. Jòb 5:7.
3. Jòb 1:1.
4. Jòb 2:9.
5. Jòb 16:19.
6. Jòb 19:25.
7. Jozye 1:5.
8. Douglas Malloch, “Good Timber,” in Sterling W. Sill, *Making the Most of Yourself* (1971), 23.
9. Matye 11:28–30.
10. Jozye 1:5.

Ansèyman pou epòk pa nou an

Leson Prètriz Mèlkisedèk ak Sosyete Sekou katriyèm Dimanch yo ap rezève pou “Ansèyman pou epòk pa nou an.” Chak leson kapab prepare apati youn oswa plis diskou yo te bay nan dènye konferans jeneral la (gade tablo anba a). Prezidan pye ak prezidan distri yo gen dwa chwazi ki diskou yo dwe itilize, oubyen yo ka bay evèk yo ak prezidan branch yo responsablite sa a. Dirijan yo dwe mete aksan sou enpòtans pou frè nan Prètriz Mèlkisedèk yo ak sè Sosyete Sekou yo etidye menm diskou yo menm jou Dimanch yo.

Yo ankouraje moun k ap asiste leson katriyèm Dimanch yo pou yo li dènye revè konferans jeneral la epi pote l avèk yo nan klas la.

Sigjesyon pou prepare yon leson apati diskou yo

Priye pou Sentespri a kapab avèk ou pandan w ap etidye ak anseye diskou (yo). Ou gen dwa eseye prepare leson an avèk lòt

materyèl, men se diskou konferans yo ki apwouve pou sa. Tach ou se ede lòt moun yo aprann ak viv levanjil la jan yo anseye l nan dènye konferans jeneral la nan Legliz la.

Repase diskou yo, pandan w ap chèche prensip ak doktrin ki reponn ak bezwen chak manm ki nan klas la. Epiou, chèche istwa, referans ekriti, ak deklarasyon nan diskou yo ki ap ede ou anseye verite sa yo.

Fè yon rezime sou fason pou anseye prensip yo ak doktrin yo. Panse poze kesyon k ap ede manm klas yo:

- Chèche prensip ak doktrin ki nan diskou yo.
- Panse sou siyifikasyon yo.
- Pataje konpreyansyon, ide, eksperyans, ak temwayaj.
- Aplike prensip ak doktrin sa yo nan lavi yo.

MWA POU NOU ANSEYE LESON YO	MATERYÈL POU LESON KATRIYÈM DIMANCH
Oktòb 2013–Avril 2014	Diskou ki fèt nan konferans jeneral Oktòb 2013 la*
Avril 2013–Oktòb 2013	Diskou ki fèt nan konferans jeneral Avril 2013 la*

** Pou leson katriyèm Dimanch Avril ak Oktòb yo, nou ka chwazi diskou nan konferans anvan yo oubyen nan dènye konferans lan. Diskou yo disponib nan plizyè lang nan conference.lds.org.*



Pa President Dieter F. Uchtdorf
Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan

Vini, vin jwenn nou

Kèlkeswa sityasyon ou, istwa pèsonèl ou, oubyen fòs temwayaj ou, gen plas pou ou nan Legliz sa a.

Yon fwa, te gen yon mesye ki te reve l te nan yon gwo sal kote tout relijyon nan mond lan te reyini. Li te reyalize ke chak relijyon te gen anpil bagay ki te parèt dezirab ak diy.

Li te rankontre yon mari ak madanm byen janti ki reprezante Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo epi li te mande yo “Nou menm, kisa *nou* mande manm legliz nou yo?”

Yo te reponn: “*Nou* pa egzije yo anyen. Men *Senyè a* mande pou nou konsakre l tout bagay.”

Koup la te kòmanse ba l eksplikasyon sou apèl nan Legliz la, sou vizit ansèyman ak vizit nan fwaye, sou misyonè aplentan, sware familyal chak semèn, travay nan tanp, antrèd ak sèvis imanitè, ak tach pou anseye.

Mesye a te mande: “Èske nou peye moun sa yo pou tout travay y ap fè yo?”

Koup la te reponn: “O, non. Yo ofri tan yo gratis.”

Yo te kontinye: “Epitou, chak sis mwa, manm Legliz nou yo pase yon fen semèn ap patisipe oswa gade dizèdtan konferans general.”

Mesye a di: “Dizèdtan pou koute moun k ap fè diskou?”

“E reyinyon Legliz chak semèn yo, konbyen èdtan yo dire?”

“Twazèdtan, chak dimanch!”

Mesye a di: “Mezanmi! Èske manm Legliz yo reyèlman fè tout sa ou di la yo?”

“Wi, e yo fè plis toujou. Nou poko menm mansyone rechèch istwa familyal, kan pou jèn yo, devosyon, etid ekriti, reyinyon fòmasyon pou dirijan, aktivite chak semèn pou jèn yo, seminè bonè chak maten, antretyen batiman Legliz yo, epi natirèlman gen lwa sante Senyè a, ak jèn chak mwa pou ede pòv yo, ak ladim.”

Mesye a di konsa: “M yon tijan nan konfizyon. Poukisa yon moun ta vle vin manm yon legliz konsa?”

Koup la souri epi yo di: “Nou te panse ou pa tap janm poze kesyon sa a.”

Poukisa yon moun ta antre nan yon Legliz konsa?

Nan yon epòk kote anpil legliz nan mond lan ap sibi gwo rediksyon nan kantite manm yo, Legliz Jezikri pou

Sen Dènnye Jou yo, malgre l pitit konpare avèk anpil lòt, se yonn nan legliz kap grandi pi rapid nan mond la. Rive Septanm 2013, Legliz la gen plis pase kenzen milyon manm nan mond lan.

Gen anpil rezon ki eksplike bagay sa a, men, èske m ka prezante nou kèk ladan yo?

Legliz Sovè a

Toudabò, se Jezikri Limenm ki re-tabli Legliz sa a nan epòk pa nou an. Ladan l nou jwenn otorite pou n aji nan non li—pou batize pou remisyon peche, konfere don Sentespri a, epi sele sou tè a ak nan syèl la.¹

Moun ki vin manm Legliz la yo renmen Sovè a, Jezikri, epi yo vle swiv li. Yo rejwi pou konnen Bondye pale avèk lòm ankò. Lè yo resevwa òdonans sakre prèttriz yo epi yo fè alyans avèk Bondye, yo kapab santi pouvwa L nan lavi yo.² Lè yo antre nan tanp, yo santi yo nan prezans Li. Lè yo li ekriti yo³ epi yo suiv ansèyman pwofèt Li yo, yo rapwoche pi pre Sovè a yo renmen an.

Yon lafwa aktif

Yon lòt rezon, se paske Legliz la bay moun opòtinite pou yo fè byen.

Kwè nan Bondye se yon bagay ki louwab, men, majorite moun vle fè plis pase koute diskou enspire oubyen reve sou chato yo nan syèl la.⁴ Yo vle mete lafwa yo an pratik. Yo vle twouse manch yo pou yo vin angaje nan gran koz sa a.

E, se sa k pase lè yo vini jwenn nou—yo gen anpil opòtinite pou transfòme talan yo, konpasyon yo, ak tan yo pou fè yo vin tounen bon bagay. Kòm nou pa gen okenn klèje nou peye nan kongregasyon nou yo atravè mond lan, manm nou yo

akonpli travay ministè a yo menm. Yo ap le pa enspirasyon. Kèk fwa nou pòte nou “volontè”; kèk fwa yo *mande* nou pou nou sèvi. Nou konsidere responsablite sa yo non pa kòm fado men kòm opòtinite pou nou akonpli alyans nou fè avèk jwa pou nou sèvi Bondye ak pitit Li yo.

Benediksyon presye

Yon twazyèm rezon ki fè moun vin manm Legliz la se paske mache nan chemen disip la mennen nan benediksyonn presye.

Nou konsidere batèm kòm pwèn demaraj nan vwayaj nou kòm disip la. Mache chak jou avèk Jezikri mennen nan lapè ak bi nan lavi sa a ak lajwa pwofon ak lavi etènèl nan mond k ap vini an.

Moun ki swiv chemen sa a fidèlman yo evite anpil pyèj, chagren, ak regrè nan lavi a.

Moun ki pòv an espri e ki onèt nan kè yo jwenn gwo trezò konesans ladan.

Moun kap souffri oubyen ki aflije yo jwenn gerizon ladan.

Moun k ap pote pwa peche yo jwenn padon, libète, ak repo ladan.

Pou moun ki kite yo

Rechèch verite a mennen dè milyon moun nan Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo. Sepandan, gen moun ki kite Legliz la yo te renmen yon fwa a.

Yon moun ka mande tèt li: “Si levanjil la si bèl konsa, poukisa yon moun kite l?”

Pafwa nou asime ke se paske lòt moun te ofanse yo, oubyen yo pafwa, oubyen yo peche. An reyalyte, sa pa osi senp. Anfèt, gen plis pase yon sèl rezon ki aplike pou tout varyete sityasyon sa yo.

Kèk nan manm byenneme nou yo lite pandan dèzane avèk kesyon pou konnen si yo dwe separe tèt yo avèk Legliz la.

Nan Legliz sa a kote nou si respektè libabit la, ki te retabli pa yon jèn gason ki t ap poze tèt li kesyon epi ki t ap chèche repons la, nou respkte moun k ap onètman chèche

laverite yo. Sa ka brize kè nou lè vwayaj yo mennen yo ale lwen Legliz la nou renmen an ak verite a nou jwenn ladan an, men, nou respektè dwa yo genyen pou yo adore Bondye Toupwisan an daprè lide pwòp konsyans pa yo, menmjan nou reklame privilèj sa a pou tèt pa nou an.⁵

Kesyon san repons

Gen moun k ap lite avèk kesyon san repons sou bagay ki te fèt oubyen ki te di nan levasè. Nou rekonèt onètman ke nan prèske 200 zan istwa Legliz la—nouri pa yon kantite evenman enspire, onorab ak divin san rete—gen bagay ki te di ak bagay ki te fèt ki ka lakoz moun poze tèt yo kesyon.

Pafwa kesyon sòlve senpleman paske nou pa ko gen tout enfòmasyon yo epi nou jis bezwen yon ti kras plis pasyans. Lè tout verite a va finalman revele, bagay ki pat fè sans pou nou anvan yo ap rezoud pou satisfaksyon nou.

Pafwa, gen yon diferans opinyon ki egziste konsènan sa “bagay” yo reyèlman vledi. Yon kesyon ki kreye dout nan panse kèk moun, gen dwa bati lafwa yon lòt moun apre yon investigasyon byen fèt.

Èrè moun ki pa pafè

Epi, an tout franchiz, gen dèfwat kote manm oswa dirijan nan Legliz la konn tou bònman fè èrè. Ka gen dè bagay ki te di oubyen ki te fèt ki pa t konfòm avèk valè nou yo, prensip nou yo, oswa doktrin nou an.

Mwen sipoze ke Legliz la tap pafè sèlman si l te dirije pa moun ki pafè. Bondye pafè, epi doktrin Li a pafè. Men, Li travay atravè nou menm—pitit enpafè l yo—e moun ki enpafè fè èrè.

Nan premye paj Liv Mòmmon an, nou li: “Kounyeya, si gen fòt se èrè lèzòm yo ye; se poutèt sa, pa kondane bagay Bondye, pou w kapab san tach devan fotèy jijman Kris la.”⁶

Se konsa sa te toujou ye, e se konsa sa ap rete rive jis nan jou pafè

kote Kris la li menm pral reye pèsònèlman sou tèt a.

Se domaj ke kèk moun trebiche akòz èrè lèzòm komèt. Men, malgre sa, verite etènèl levanjil retabli a ki nan Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo pa tache, ni diminye, ni detwi.

Antanke yon Apot Senyè Jezikri epi antanke yon moun ki pèsònèlman asiste konsèy yo ak travay k ap fèt yo nan Legliz sa a, mwen rann temwayaj solanèlman ke pa gen okenn desizyon enpòtan konsènan Legliz sa a oswa manm li yo ki janm pran san yo pa onètman chèche enspirasyon, direksyon, ak apwobasyon Pè Etènèl nou an. Sa a se Legliz Jezikri. Bondye pap kite legliz li a pati kite wout ki trase pou li a, ni echwe nan akonpli destine divin ni.

Gen plas pou ou

Pou moun ki separe tèt yo avèk Legliz la, m ap di, chè zanmi mwen, toujou gen plas pou ou isit la.

Vini epi ajoute talan ou, don ou, ak enèji ou sou pa nou. Konsa, nou tout va vin pi bon.

Kèk moun gen dwa mande, “Men, sa k pral pase ak dout mwen yo?”

Li natirèl pou nou gen kesyon—semans yon rechèch onèt souvan jèmen epi devlope vin tounen yon gwo pye bwadchèn konpreyansyon. Pa gen anpil manm Legliz la ki, nan yon moman oswa yon lòt, pa t lite avèk kesyon grav ak serye. Yonn nan objektif Legliz la se nourri ak kiltive grenn lafwa a—menm nan tèt ki pafwa plen dout ak ensètitud. Lafwa se espere nan bagay nou pa wè men ki vrè.⁷

Se poutèt sa, chè frè m ak sè m yo—chè zanmi mwen—tanpri, doute sou dout nou yo dabò anvan nou doute sou lafwa nou.⁸ Nou pa dwe janm kite dout fè nou prizonye, pou kenbe nou lwen amou, ak lapè, ak don diven yo akòde nou yo atravè lafwa nan Senyè a, Jezikri.

Gen moun ki ka di, “Mwen pa santi m nan plas mwen pami moun yo nan legliz la.”

Si ou ta ka gade andedan kè nou, ou tap pwobableman wè ke ou chita ladan pi byen pase ou sipoze. Ou ta etone wè ke nou gen aspirasyon ak pwoblèm ak espwa ki menmjan avèk pa w yo. Pase ou oswa edikasyon ou kapab sanble yo diferan avèk sa w panse l ye nan anpil Sen Dènye Jou, men, sa kapab vin yon benediksyon. Frè m ak sè m yo, chè zanmi m yo, nou bezwen talan ou ak pwendvi san parèy ou yo. Divèsite moun ak pèp nan tout mond la se yon fòs pou legliz sa a.

Gen moun ki ka di, “M pa panse m ka viv alawotè prensip nou yo.”

Tout sa se rezon pou nou vini! Legliz la la pou nourri moun ki enpafè, moun kap lite, ak moun ki fatige. Li chaje avèk moun ki *gen dezi* avèk tout kè yo pou yo respekte kòmandman yo, menmsi yo poko *metrize* yo.

Gen moun ki ka di, “M konn yon manm nan legliz nou an ki ipokrit. M pap janm ka antre nan yon legliz ki gen yon moun tankou li kòm manm.”

Si ou defini *ipokrit* kòm yon moun ki pa reyisi viv pafètman sa li kwè, enben, nou tout se ipokrit. Nou yonn pa osi kretyen ke nou konnen nou ta dwe ye. Men nou sensèman anvi si-monte fot nou yo ak dezi pou peche ki nan nou yo. Avèk tout kè nou ak tout nanm nou, nou aspire pou nou vin pi bon avèk èd Sakrifis Ekspyatwa Jezikri a.

Si se sa ou vle, enben, kèlkeswa sitiwayon ou, istwa pèsonèl ou, oswa fòs temwayaj ou, gen plas pou ou nan Legliz sa a. Vini, jwenn nou!

Vini, vin jwenn nou!

Malgre enpèfeksyon imen nou yo, mwen konnen ke nan pami manm yo nan Legliz sa a, w ap jwenn anpil nan pi bon moun mond sa a gen pou ofri. Legliz Jezikri a sanble l atire moun ki emab, ki pi byenveyan, ki pi onèt, epi ki pi renmen travay yo.

Si ou atann ou pral jwenn moun ki pafè ladan l, w ap desi. Men, si w ap chèche doktrin pi Kris la, pawòl Bondye a “ki geri nanm ki blese a,”⁹ ak enfliyan sanktifyan Sentrespri a, enben, w ap jwenn sa isit la. Nan epòk sa a kote lafwa ap diminye a—kote si anpil moun santi yo lwen bra Bondye—isit la wap jwenn yon pèp ki anvi konnen Sovè yo a ak pwoche pi pre li nan sèvi Bondye ak pwochen yo, menmjan avèk ou. Vini, jwenn nou!

E ou men, èske ou pral kite nou tou?

M raple m yon fwa nan lavi Sovè a kote anpil moun te abandone Li.¹⁰ Jezi te mande douz disip li yo:

“Nou menm, nou pa vle ale tou?”

“Simon Pyè te reponn li: “Senyè, ki moun pou n al jwenn? Se ou menm ki gen pawòl lavi etènèl yo”¹¹

Gen moman kote nou dwe reponn menm kesyon an. Èske nou prale tou? Oubyen èske, menmjan ak Pyè, n ap

kenbe fèm nan pawòl lavi etènèl yo?

Si w ap chèche laverite, yon sans nan lavi, ak yon fason pou transfòmè lafwa ou vin tounen aksyon; si w ap chèche yon kote ou santi w lakay ou: Vini, vin jwenn nou!

Si ou kite lafwa sa a ou te anbrase yon fwa a: Retounen. Vin jwenn nou!

Si ou gen tantasyon pou ou kite: Fè yon ti rete pi lontan. Gen plas pou ou isit la.

M ap priye tout moun kap koute oubyen kap li pawòl sa yo: Vini, vin jwenn nou. Vin koute apèl dou Kris la. Pran kwa ou epi swiv Li.¹²

Vini, vin jwenn nou! Paske isit la, wap jwenn sa ki presye pase tout bagay la.

Mwen temwaye ke isit la w ap jwenn pawòl lavi etènèl yo, pwomès redanmsyon beni a, ak chemen ki mennen nan lapè ak bonè a.

Mwen priye sensèman pou rechèch w ap fè sou laverite a mete nan kè ou yon dezi pou ou vin jwenn nou. Nan non Jezikri, amèn.

NÒT

1. Gade Matye 16:18–19; Elaman 10:7.
2. Gade Doktrin ak Alyans 84:20.
3. Gade 2 Nefi 33:10.
4. Gade “Have I Done Any Good?” *Hymns*, no. 223.
5. Gade Atik Lafwa 1:11.
6. Premye paj Liv Mòmou an; gade Mòmou 8:17.
7. Gade Ebre 11:1; Alma 32:21.
8. Gade F. F. Bosworth, *Christ the Healer* (1924), 23.
9. Jakòb 2:8.
10. Gade Jan 6:66.
11. Jan 6:67–68.
12. Gade Matye 16:24.